

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Règ Espesyal SSI pou Moun Avèg k Ap Travay



### Kisa règ espesyal la ye?

Gen yon règ espesyal pou ede moun k ap travay epi k ap resevwa benefis SSI poutèt yo **avèg**. Règ sa a pèmèt yon moun avèg retire nan **revni pwofesonèl** li tout depans moun nan fè pou li ka travay. Depans lan pa bezwen asosye avèk enfimite a.

### Ki kèk egzanp depans ki ka kalifye dapre règ la?

Pami depans ki ka kalifye yo, genyen:

- bèt pou sèvi kòm gid, avèk tou frè pou manje ak pou gade bêt la;
- transpò pou ale ak pou soti nan travay;
- lisans, frè, oswa taks;
- sèvis swen pèsònèl;
- repa ki pran pandan orè travay la;
- ekipman medikal oswa medikaman; epi
- lòt ekipman oswa sèvis ki asosye avèk travay la.

### Egzanp:

Ray Barnett ap resevwa benefis SSI paske li avèg. L ap travay epi l ap touche \$805 pa mwa. Se sèl revni li resevwa.

Men depans li fè ki asosye avèk travay li:

- travay li retire \$250 pa mwa pou taks federal ak taks leta sou revni ak taks Sekirite Sosyal (FICA); epi
- li dwe peye \$100 pa mwa pou transpò li pou ale ak pou sòti nan travay.

Mesye Barnett itilize \$350 nan salè li pou fè depans sa yo pou travay li. Kidonk, \$350 nan salè li pa konsidere lè n ap detèmine kantite lajan benefis SSI li konsa:

$$\begin{aligned} \$805 - \$20 \text{ (esklizyon jeneral)} &= \$785 \\ \$785 - \$65 \text{ (esklizyon jeneral)} &= \$720 \\ \$720/2 &= \$360 \\ \$360 - \$350 \text{ (depans pou travay paske li avèg)} &= \$10 \\ \$10 &= \text{salè kontab} \end{aligned}$$

### Èske gen nenpòt lòt règ ki ka ede?

Yon moun ki avèg ka itilize lòt règ travay SSI tou tankou **Plan pou Vin Endependan (PASS)** ak **pwoteksyon Medicaid pwolonje** pandan l ap travay.